

CHAPIT 21

Ki jan pou mete yon esterilè

Nan chapit sa a:

Ede yon fi deside si yon esterilè ap bon pou li.....	390
Anvan w mete esterilè a.....	391
Mete esterilè a.....	392
Prepare esterilè “ <i>Copper T</i> ” a	393
Aprè w fin mete esterilè a	398
Pou verifye esterilè a.....	398
Siy ki ka montre gen yon pwoblèm ...	398
Retire esterilè a	399

KI JAN POU METE YON ESTERILÈ




Yon esterilè se yon ti aparèy ki fèt an plastik, oswa an plastik ak kuiv, yo mete l anndan matris yon fi pou anpeche l ansent. Gen yon fil ki pandye nan pwent esterilè a, ki soti deyò kòl matris la.


Men 2 kalite esterilè ki genyen:



Esterilè kuiv ki rele "Copper T"



Esterilè plastik ki rele "multiload"



Se konsa w t ap wè yon matris ak yon esterilè si w te ka wè anndan kò yon fi.

Kèk ransèyman pou moun k ap aprann mete yon esterilè

- Anvan w li chapit sa a, ou dwe konprann **prevansyon kont enfeksyon** (Chapit 5) ak **egzamen basen** (Chapit 20).
- Chèche konnen sa lalwa di nan zòn ou ye a. Gen kote yo ankouraje fanmsaj yo aprann mete e retire esterilè. Gen lòt kote yo pa pèmèt fanmsaj yo fè sa.
- Mete yon esterilè ka lakòz enfeksyon nan matris oswa li ka blese matris la. Sèvi ak chapit sa pou w aprann, men sonje ou ka aprann plis nan men yon moun ki eksperyans pase sa w ka aprann nan yon liv. **Fòk yon moun eksperyans aprann ou ki jan pou w mete yon esterilè.**

Ede yon fi decide si yon esterilè ap bon pou li

Esterilè a se yon metòd planin ki trèzefikas, men li gen risk. Anvan w mete yon esterilè, ede fi a decide si esterilè a se yon bon metòd pou li.

Avantaj esterilè a

- Li efikas anpil. Se trè difisil pou yon fi tonbe ansent pandan l gen yon esterilè.
- Yo ka retire l nenpòt lè fi a decide li vle fè pitit.
- Li fasil pou itilize. Apre fi a fin mete esterilè a nan matris li, li sèlman bezwen verifeye yon fwa chak mwa si esterilè a la. Li pa bezwen verifeye l anvan oswa apre l fin fè sèks.
- Yon kalite esterilè (ki rele “*Mirena*”) gen yon ti kantite òmòn ladan l. Esterilè sa a ka fe règ la vin pi lejè oswa rete nèt, epi l ka anpeche vant/senti fè mal la.

Dezavantaj esterilè a

- Esterilè pa pwoteje fi kont VIH/SIDA oswa lòt maladi moun pran nan fè sèks (gade Chapit 18).
- Yon fi pa ka mete oswa retire yon esterilè pou tèt li. Yon fi ki mete esterilè pa dwe twò lwen yon sant sante kote li ka jwenn asistans si esterilè a ba l pwoblèm, oswa si l bezwen retire l si l vle ansent.
- Esterilè a ka fè gwo chanjman nan règ fi a. Pifò ladan yo lakòz vant/senti fè mal ki pi rèd, epi fi a ka senyen plis. Esterilè “*Mirena*” a ka lakòz yon ti san vini yon lè konsa.



Esterilè se yon danje pou kèk fi

Pa mete esterilè pou:

- Fi ki gen yon maladi moun pran nan fè sèks. Si yon fi mete yon esterilè lè l gen yon maladi konsa, enfeksyon an ka pwopaje nan matris li byen fasil. Enfeksyon nan matris danjere anpil, e yo ka lakòz fi a pa ka fè pitit. Anvan w mete yon esterilè, fi a dwe fè egzamen pou wè si l gen yon maladi moun pran nan fè sèks.
- Fi ki te fèk gen yon enfeksyon nan matris.
- Fi ki te fè yon foskouch, avòtman, oswa ki gen sèlman 6 semèn depi yo te akouche.
- Fi ki anemi, oswa ki gen konn gen gwo vant fè mal oubyen anpil san lè yo gen règ yo.
- Fi ki gen fibwòm oswa matris yo gen yon fòm ki pa nòmal.

Pa mete yon esterilè ki fèt an kuiv pou yon fi ki fè alèji ak kuiv.

Libète pou chwazi oswa pou refize yon esterilè

Gen kèk kote yo pouse medam yo mete esterilè. Yo konn mete esterilè pou yon fi san l pa konnen. Sa konn rive lè doktè ak lòt pwofesyonèl lasante ap pran presyon nan men gouvènman lokal la oubyen gouvènman entènasyonal yo oswa nan men òganizasyon k ap bay èd pou yo bay fi esterilè menmsi yo pa vle.

Jan de taktik sa yo retire dwa yon fi genyen pou l chwazi si l vle fè planin epi ki lè l ap fè sa. Tout fi dwe gen dwa pou yo fè chwa sa a pou tèt yo.

Pa janm bay yon fi presyon pou l itilize yon esterilè. Li paj 310 pou w aprann plis sou esterilè. Chak fi dwe konprann tout avantaj ak dezavantaj ki genyen pou yo ka decide si yo vle oswa si yo pa vle yon esterilè. Asire w fi a konprann tout bagay anvan w mete youn pou li.

Kou pitit la fin fèt, n ap mete yon esterilè nan matris ou pou w pa ansent ankò.

Men, mwen menm ak Marco vle fè anpil pitit!



Anvan w mete esterilè a

Asire w fi a pa gen maladi moun pran nan fè sèks

Men kèk siy maladi moun pran nan fè sèks:

- Ekoulman ki soti nan vajen an ki gen move sant.
- Vajen fi a ap boule l, l ap fè l mal, oubyen l ap grate l.
- Lè fi a pipi li santi l ap boule l, li fè l mal, oswa li grate l.
- Maleng nan vajen oswa nan twou dèyè.

Sonje, anpil fi gen maladi moun pran nan fè sèks san yo pa gen siy ki montre sa. Toujou fè egzamen pou yon fi pou wè si l gen maladi moun pran nan fè sèks anvan w mete yon esterilè pou li. Si w pa ka fè egzamen pou li, men fi a vle esterilè a kanmenm, ou ka ba l tretman pou klamidya ak gonore (gade paj 324) epi mete esterilè a. Gade Chapit 18 pou w aprann plis. Pa mete esterilè pou yon fi si w pa sèten li pa gen maladi moun pran nan fè sèks.

Asire w fi a pa ansent

Si w mete esterilè pou yon fi pandan l ansent, esterilè a ka lakòz fi a fè foskouch. Asire w fi a pa ansent anvan w mete yon esterilè. Ou ka sèten li pa ansent si:

- Li gen règ li.
- Li pa t fè sèks depi dènye fwa li te gen règ li.
- L ap itilize yon metòd planin ki gen òmòn tankou konprime a, piki, oswa enplant (epi kounye a li vle itilize yon esterilè pito).

Esplike l sa k pral pase pandan w ap mete esterilè a

Anvan w mete esterilè a, esplike fi a sa w pral fè. Di l mete yon esterilè ka fè l mal yon tikras, men l pa ta dwe fè l mal twòp. Di l w ap kanpe si l fè l mal twòp oswa si l vle w kanpe pou nenpòt rezon kèlkonk. Reponn nenpòt kesyon li genyen sou esterilè a oswa sou lè w ap mete l la.




Mete esterilè a

Gen plizyè kalite esterilè, e chak kalite esterilè gen yon fason pou w mete l. Anvan w mete yon esterilè, ou dwe chèche konnen ki jan pou w mete kalite w genyen an. Pifò esterilè vini ak enstriksyon.

Men etap ou dwe suiv pou kèlkeswa esterilè w ap mete a:

1. Mande fi a pou l fè pipi.
2. Esterilize tout zouti w ap bezwen pou mete esterilè a epi mete yo sou yon twal oswa sou yon papye ki esterilize.




Nenpòt bagay k ap antre anndan vajen an, tankou dwèt, pandan yon egzamen vajinal, dwe trè pwòp. Epi, nenpòt bagay k ap antre anndan matris la, tankou yon esterilè oswa yon tib pou foure esterilize a, pa dwe pwòp sèlman. Yo dwe **esterilize**.

Zouti ki fin esterilize pa dwe menm touche ak lòt pati nan kò fi a anvan yo antre nan matris li. Mikwòb ki sou kò yon fi ki pa janm fè l malad ka lakòz yon enfeksyon grav si yo rive anndan matris li. Gade paj 59 pou w aprann ki jan pou esterilize zouti.

Lòt zouti w ap bezwen:



Yon bon limyè



Yon bòl ki gen antiseptik tankou betadin oswa "Hibiclens"




Esterilè a ak tib pou mete l la, ki anndan yon pake esterilize

Gen anpil kalite esterilè. Twa kalite ki popilè se "*Copper T*" (oswa *T380A*), "*Multiload*", epi "*Gyne-Fix*". Tout esterilè sa yo san danje epi yo efikas.



Esterilè "*Copper T*"



Esterilè "*Multiload*"




Esterilè "*Gyne-Fix*"

Nan liv sa a, nou bay enfòmasyon sou ki jan pou itilize yon sèl kalite esterilè, "*Copper T*" a. Nou pale sou li paske li efikas, li san danje, epi li popilè. Gen lòt kalite esterilè ki antre menm jan ak "*Copper T*" a. Men, asire w ou li enstriksyon ki vini ak esterilè w ap itilize a.




3. Mete esterilè a nan tib la.

PREPARE ESTERILÈ "*COPPER T*" A

Esterilè "*Copper T*" a vini nan yon pake ki esterilize. Mete pake a sou yon tab ki pwòp, avèk bò ki gen papyè a sou anba. Konsa w ap ka wè esterilè a anndan plastik ki kouvri l la.



Anndan pake a gen 3 pati:



Prepare esterilè "Copper T" a (suit)

Enstriksyon sa yo di w ki jan pou antre esterilè a anndan tib la pandan esterilè a tou nan pake a. Si w mete esterilè a nan tib la pandan l toujou anndan pake a, epi ou pa manyen esterilè a, l ap rete esterilize menmsi w pa mete gan esterilize. Pa janm manyen esterilè a ni pwent tib la, ni pwent bagèt ki pral anndan matris fi a, eksepte si w mete gan esterilize.

Antre esterilè a nan tib la lè w prèske pare pou mete l nan fi a. Si esterilè a rete nan tib la pou plis pase 5 minit, li pap mache ankò: manch yo pap ouvri anndan matris la.





Ouvri pake a ademi, kòmanse sou bò ki pi lwen esterilè a, epi pouse bagèt la sou kote pou l pa deranje sa w ap fè a.

Kenbe tib la byen fèm ak yon men. Ak lòt men an, kenbe esterilè a pandan l anndan plastik la epi antre manch yo nan tib la. Mete pous ou sou yon manch epi mete dwèt endèks ou sou lòt manch lan, epi peze yo ansanm.

Antre esterilè ki tou pliye a nan tib la.

Mete bagèt la nan lòt pwent tib la epi fè l pase bò kote fil yo. Kanpe lè bagèt la touche pwent esterilè a, epi kenbe l la a.

Kounye a, esterilè a pare pou w mete l.




4. Mete fi a kouche so do ak jenou l pliye epi janm li ouvri.
5. Ankouraje fi a rilaks. Ou ka eseye pran gwo souf ansanm avè l, pale dousman, oswa mete yon men sou zèpòl li pou w ba l asirans.




6. Suiv enstriksyon ki nan paj 53 pou w byen lave men w ak savon ak dlo. Kite men w seche poukont yo nan lè epi mete gan ki esterilize.

7. Chèche touche matris fi a (gade paj 384).


- Chèche ki gwosè matris la ye epi nan ki pozisyon li ye.
- Asire w fi a pa ansent.
- Asire w matris la pa gwosi ni li pa fè fi a mal.




8. Foure yon espekilòm ki esterilize byen dousman (gade paj 377).



9. Lave kòl matris la avèk antiseptik. Ou ka itilize yon tanpon ki long oswa yon pens won ak yon twal gaz esterilize ki mouye ak antiseptik.




10. Kenbe kòl matris la ak yon pens tenakilòm epi fèmen pens la byen dousman. Rale kòl matris la byen dousman pou w ka ranje l dwat. Matris la bezwen dwat pandan w ap antre sonn nan ak esterilè a. Si fi a santi doulè, kanpe. Pran yon ti poz epi mande fi a pou l di w lè l pare pou w kontinye.



11. Pou w ka mezire matris la, antre yon sonn esterilize nan pasaj kòl matris la rive anndan matris la.

Ou dwe kenbe sonn nan nan manch li sèlman, epi foure l ak anpil prekosyon nan kòl matris la. Pa kite sonn nan touche anyen sof kòl matris la. Sonn nan pap esterilize ankò si l touche yon lòt bagay, menm vajen fi a.




fò. Sa ta ka pouse sonn nan tèlman fon ou rive pèsè matris la. Sa danjere anpil.

Yon fwa sonn nan antre nan kòl matris la, pouse sonn nan byen dousman jiskaske w santi l touche dèyè matris la.

Sonn nan make an sentimèt (cm). Lè w retire sonn nan, l ap mouye rive nan yon mak. Mak sa a montre ki gwosè matris la ye a.


Raman, yon fi ka kòmanse santi tèt li ap vire oswa l gen kè plen pandan w ap mete yon sonn oubyen yon esterilè nan matris li. Kapab se yon reyaksyon vagal (gade paj 426).

Foure sonn nan avèk dousè men avèk fèmte. Si l difisil pou pouse sonn nan antre nan kòl matris la, vire l pandan w ap pouse l. Pa pouse twò



12. Lè w konn gwosè matris la, ou ka make tib la pou l menm longè ak matris la.


Sonn nan mouye rive nan pwen sa a...




...donk, deplase bouton kontwòl la nan menm distans lan, soti nan pwent tib la.

Gade esterilè a pandan l anndan pake a. Tib la gen yon ti bouton kontwòl sou li anndan pake a. Deplase bouton ki sou tib la pou l menm gwosè ak matris la. Pou fè sa, pouse bouton an pandan esterilè a rete tou esterilize anndan pake a.

13. Kounye a ouvri pake a nèt, retire tib la nan pake a, epi antre esterilè a anndan matris la. Fòk esterilè a rete esterilize! Pa kite anyen touche l, menm bò vajen fi a.



Kenbe kòl matris la anplas avèk pens tenakilòm nan, epi pouse tib ki kenbe esterilè a byen dousman anndan pasaj kòl matris la. Pa janm fòse esterilè a antre nan matris la, menmsi li difisil pou metè.





Pouse tib ki kenbe esterilè a nètale rive nan do matris la. Lè bouton kontwòl la rive nan kòl matris la, sa vle di ou pouse esterilè a rive nan do matris la. Si w santi gen anpèchman, pa pouse pi lwen.



Kenbe bagèt la anplas. Sa pèmèt esterilè a rete anplas. San w pa kite bagèt la deplase, rale tib la vin jwenn ou dousman.

Lè tib la soti deyò kòl matris la, ou ka rale bagèt la vin sou ou epi deyò kòl matris la.




14. Koupe fil yo pou apeprè 2 sentimèt ka pandye deyò kòl matris la. Retire pens tenakilòm nan ak espekilòm nan byen dousman.

15. Mete tout zouti yo ak gan yo nan dlo klowòks oswa nan lòt kalite dezenfekte chimik (gade paj 57).



16. Jete tout fatra yo, ni twal gaz yo, ni tib ki te sèvi pou antre esterilè a (itilize sijesyon ki nan paj 67).

17. Lave men w ak savon ak dlo.



Kite apeprè 2 sentimèt fil pandye deyò kòl matris la.



Aprè w fin mete esterilè a

Esplike fi a li ka bay san epi gen doulè pandan 1 a 2 jou. Lè l gen règ li, li ka bay plis san pandan kèk mwa pase sa l te konn bay la. Sa nòmal. Di l ki jan pou l verifye esterilè a epi ki move siy pou l veye (gade paj 399).

Yon fi ki mete esterilè dwe fè tchèkòp kay doktè regilyèman. Epitou, li dwe verifye esterilè a pou l asire li rete anndan matris li, epi li dwe veye lòt siy ki ka di si gen yon pwoblèm. Si esterilè a soti, gen plis chans pou sa rive pandan l gen règ li. Donk, li dwe verifye esterilè a apre règ li chak mwa.

Pou verifye esterilè a

Li dwe lave men l epi foure yon dwèt anndan vajen l pou rive nan kòl matris la. Lè l manyen kòl matris la, li dwe santi gen fil ki pandye soti nan bouch kòl matris la. Si l pa ka santi fil yo, sa vle di esterilè a monte al nan matris li, oswa li soti deyò nèt epi li pap mache ankò.

Siy ki ka montre gen yon pwoblèm

Si l pa ka santi fil yo, li bezwen asistans medikal. Yon pwofesyonèl lasante dwe chèche esterilè a lè l itilize yon pens pou antre anndan matris la oswa li fè yon sonogram pou l ka wè anndan matris la. Piske esterilè a gendwa te tonbe, fi a dwe itilize yon lòt metòd planin si l pa vle ansent.

Si fi a sispann gen règ li, oswa si l gen lòt siy ki endike li ansent, li dwe wè yon pwofesyonèl lasante tousuit pou retire esterilè a. Si l kite l pandan l ansent, sa ka lakòz foskouch, enfeksyon, oswa bebe a ka fèt anvan lè. L ap pi fasil anpeche yon foskouch si l retire esterilè a tousuit olye li kite l.

(Sonje sa, esterilè “Mirena” a ka fè règ li rete, donk sa sèlman pa yon siy gwosès si se “Mirena” a fi a ap itilize.)

Siy ki endike gen enfeksyon

Yon fi ki gen nenpòt nan siy sa yo kapab gen yon enfeksyon nan matris li:

- Règ li vini ak anpil san
- Gen san detanzantan pandan mwa a (ti mak san ka nòmal pandan premye mwa a)
- Ekoulman ki soti nan vajen an ki pa nòmal
- Doulè nan basen oswa nan vant
- Doulè pandan relasyon seksyèl
- Lafyèb, frison, oswa li santi l malad

Fi a dwe wè yon pwofesyonèl lasante tousuit, epi yo dwe retire esterilè a.



Retire esterilè a

Esterilè “Copper T” a ka rete anndan matris la pou 10 an. Lòt kalite yo ka pa mache pou tout tan sa a. Kèlkeswa esterilè ka soti nenpòt lè fi a vle. Apre esterilè a fin soti, fi a ka ansent tousuit. Si l pa vle ansent, li dwe sèvi ak yon lòt metòd planin.

Pou retire yon esterilè:

1. Lave men w, mete gan esterilize, epi fè yon egzamen 2 men pou egzamine matris la pou asire fi a pa ansent. Mete yon espekilòm.
2. Lave kòl matris la avèk yon tanpon long oswa yon pens won ak twal gaz esterilize ki tranpe nan antiseptik.
3. Klanmse yon pens oswa yon zouti yo konn sèvi pou kenbe zegui nan fil la.
4. Rale fil la avèk fèmte. Esterilè a dwe soti. Si w wè pwent plastik esterilè a, pran l ak pens lan epi rale l. Si w santi anpil rezistans, kanpe! Ou ka kase fil la. Kite yon moun ki pi eksperimante fin retire esterilè a.

“Dalkon shield” la

Nan ane 1970 yo, te gen yon kalite esterilè ki te rele “Dalkon Shield” ki pa t bon. Fi ki te sèvi avè l te gen gwo pwoblèm sante. Yo pa fè esterilè “Dalkon Shield” la ankò, men gen kèk fi ki toujou genyen l nan matris yo, e yo dwe retire l. Esterilè yo fè kounye a yo bon epi yo efikas.



“Dalkon Shield” la se yon esterilè ki te danjere.

